

The University of the State of New York

## REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK GOUVÈNMAN  
ETAZINI**Vandredi** 18 jen, 2010 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

Ekri non ou ak non lekòl ou an lèt enprime sou liy ki anwo yo. Epi ale nan dènye paj nan tiliv sa a, kote w ap jwenn fèy repons pou Pati I an. Plwaye dènye paj la sou liy pwentiye a epi, dousman ak prekosyon, detache fèy repons lan. Answit ranpli antèt fèy repons ou an. Kounye a ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprime nan antèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oubyen plim ble fonsse pou w ekri repons yo.

**Pati I** an gen 50 kesyon ochwa miltip Ekri repons pou kesyon sa yo nan fèy repons separe a.

**Pati II** a genyen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

**Pati III** a baze sou plizyè dokiman.

**Pati III A** a genyen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Nan tiliv egzamen an, ekri repons ou pou chak kesyon sou liy ki vin apre kesyon an. Sonje ekri non ou ak non lekòl ou a nan premye paj seksyon sa a.

**Pati III B** a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou dwe siyen deklarasyon ki enprime nan fèy repons Pati I an, pou w endike ou pa t konnen kesyon yo oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, ou pa t ni bay ni pran poul nan repons kesyon yo pandan egzamen an. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

Itilizasyon nenpòt aparèy kominikasyon entèdi fòmèlman pandan w ap fè egzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab epi ou p ap jwenn nòt pou li.


**PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A TOUTOTAN YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.**

## Pati I

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

*Enstriksyon (1–50):* Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons separe ou a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa reponn kesyon an.

Sèvi ak kat jeyografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 an.



Sous: Education Place: <http://www.eduplace.com>,  
Houghton Mifflin Co., 2002 (adapte)

1 Kat jeyografik sa a montre limit oksidantal sou vilaj kolonyal ki te kreye akòz

- (1) fondasyon Jamestown
- (2) Pwoklamasyon 1763
- (3) Doktrin Monroe
- (4) Konpwomi 1850

2 Kondisyon klima ki nan koloni sid yo te enfliyanse dirèkteman devlopman

- (1) enstitisyon demokratik yo
- (2) yon sistèm kannal
- (3) sistèm plantasyon
- (4) endistri chabon

3 Ki tit ki pi byen konplete pati nan ide prensipal ki anba la a?

- I. \_\_\_\_\_
- A. Magna Carta
  - B. Chanm Reprèzantan Burgess
  - C. Reyinyon Popilè
  - D. John Locke

- (1) ide sosyal Darwinis la
- (2) Baz Mèkantilis Britanik
- (3) Kontribisyon nan Literati Ameriken
- (4) Enfliyan sou Gouvènman Konstitisyonèl Etazini

4 Rezon prensipal ki fè yo te ranplase Atik Konfederasyon an kòm baz gouvènman Etazini sèke yo

- (1) pa t genyen dispozisyon pou yon kongrè nasyonal
- (2) te deklare manifestasyon politik yo pa t konstitisyonèl
- (3) te mete twòp limitasyon sou aktivite gouvènman eta yo
- (4) pa t bay gouvènman santral la ase pouvwa pou gouvèn avèk efikasite

Sèvis ak pasaj ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 5 ak 6.

Noumenm, pèp Etazini, pou nou kapab fòme yon inyon ki pi pafè, etabli lajistis, asire trankilite nan peyi nou, anvizaje defans nasyon, fè avanse byennèt peyi a, epi asire libète pou nou ak pou jenerasyon k ap vini apre nou, òdone ak etabli Konstitisyon sa a pou Etazini-Damerik.

— Preyanbil nan Konstitisyon Etazini

5 Nan pasaj sa a, otè yo endike

- (1) gason ak fanm dwe genyen menm dwa pou vote
- (2) gouvènman eta yo te kreye gouvènman Etazini
- (3) souverènte se zafè pèp nasyon an
- (4) pèp la jwenn dwa yo nan men monak la

6 Ki de (2) gwoup ki t ap fè deba sou ratifikasyon Konstitisyon tounèf la?

- (1) lwayalis yo ak revolisyonè yo
- (2) Federalis yo ak Antifederalis yo
- (3) Pati Demokrat ak Pati Whig
- (4) branch egzekitif ak branch jidisyè

7 Ki tit ki pi byen konplete pati nan ide prensipal ki anba la a?

- |   |
|---|
| I. _____<br>A. Konvansyon Nasyon pou pwopozisyon kandida<br>B. Pati politik<br>C. Komite Kongrè |
|---|

- (1) Atik Konfederasyon
- (2) Konpwomi Konstitisyonèl
- (3) Demokrasi Jefferson nan
- (4) Konstitisyon ki pa Ekri

8 Yo te mete pwosè amannman nan Konstitisyon an pou

- (1) otorize chanjman apre yon sèten tan
- (2) ogmante pouvwa prezidan an
- (3) ogmante patisipasyon sitwayen nan gouvènman an
- (4) limite otorite Kou Siprèm Etazini

9 Ki sitiyasyon ki pi byen eklèsi pratik lòbiyis?

- (1) Kongrè a deside redui kantite baz militè nan California.
- (2) Gouvènman federal la anile yon kontra defans avèk yon konpayi nan Eta New York.
- (3) Yon senatè nan Pennsylvania ak yon senatè nan New Jersey dakò pou sipòte pwojè-lwa youn ak lòt la nan Kongrè a.
- (4) Plizyè gwoup k ap sipòte anviwònman eseye konvenk manm Kongrè a pou vote pou Lwa Lè Pwòp.

10 Yon objektif prensipal kabinè prezidan an se pou

- (1) bay konsèy sou pwen enpòtan yo
- (2) nomine anbasadè yo
- (3) fè pwosè akizasyon yo
- (4) kontwòle kantite lajan ki an sikilasyon

11 Acha Lwizyàn (1803) se te yon siksè politik etranje pou Etazini sitou paske li

- (1) retire Florida anba kontwòl Lespay
- (2) te mete yon pwen final nan kontwòl franse sou Rivyè Mississippi
- (3) te mete yon pwen final nan okipasyon britanik nan fò yo sou sòl ameriken an
- (4) te elimine enfliyans Lawisi nan Amerik-di-Nò

- 12 Anba Prezidan Kou Siprèm John Marshall, Kou Siprèm te ranfòse otorite li lè li te
- (1) aplike revizyon jidisyè nan lwa eta ak lwa nasyonal
  - (2) chanje operasyon kolèj elektoral la
  - (3) ogmante kantite Jij nan Lakou Siprèm
  - (4) ogmante libète ki nan premye amannman an
- 13 Ki aksyon ki pi asosye depre avèk tèm *Manifeste Destine*?
- (1) deklarasyon endepandans anba dominasyon Grannbretay
  - (2) desizyon pou mete yon pwen final nan Lagè 1812
  - (3) sezi teritwa nan Meksik nan ane 1848
  - (4) aneksyon Hawaï ak Filipin
- 14 Pifò lidè politik Sid la tap glorifye Lakou Siprèm pou desizyon li nan
- (1) te akòde sitwayènte pou tout esklav yo
  - (2) te konfime prensip souverènte popilè
  - (3) te sipòte dwa yon eta pou separe ak Inyon an
  - (4) te pwoteje dwa pwopriyete mèt esklav yo nan tèritwa yo
- 15 Anvan yo ta kapab admèt ansyen eta konfedere yo nan Inyon an, plan Kongrè a pou Rekonstriksyon an te egzije yo pou
- (1) ratifye 14yèm amannman an
  - (2) anprizone tout ansyen sòlda konfedere yo
  - (3) bay 40 karo tè pou tout moun lib yo
  - (4) ede rebati endistri Nò yo
- 16 Nan fen ane 1800 yo, gouvènman eta sid yo te itilize tès alfabetizasyon, enpo sou vòt, ak kloz granpè pou
- (1) asire se sèl moun edike yo ki vote
  - (2) egzije Ameriken Nwa yo pou ale lekòl
  - (3) anpeche Ameriken Nwa yo vote
  - (4) entegre plas piblik leta yo
- 17 Ki deklarasyon ki pi byen eksprime teyori popouri lè li asosye ak sosyete Ameriken an?
- (1) Sèlman imigran ewopeyen yo ap jwenn otorizasyon pou antre Ozetazini.
  - (2) Tout gwoup imigran yo ap konsève kilti yo apa.
  - (3) Diferan kilti yo ap melanje pou fòme yon sèl kilti Ameriken
  - (4) katye imigran pòv yo ap devlope nan zòn iben yo
- 18 In Nan adopsyon Lwa Chèmann kont Monopòl (1890), Kongrè a te gen entansyon pou
- (1) anpeche gwo sosyete yo elimine konpetisyon yo
  - (2) distenge bon monopòl ak move monopòl
  - (3) kontwole to tarif chemennfè yo egzije
  - (4) fòse gwo monopòl yo negosye avèk sendika yo
- 19 Yon tarif pwotektè Kongrè a adopte deziyen pou afekte ekonomi Etazini lè li
- (1) ankouraje komès lib
  - (2) limite djòb endistriyèl yo
  - (3) ankouraje manifakti Ameriken yo
  - (4) ogmante entèdepandans global
- 20 Ki aksyon gouvènman ki pi asosye depre avèk efò foyapòt yo?
- (1) ratifikasyon amannman dwa fanm pou yo vote
  - (2) apwobasyon enpo sou revni pwogresif
  - (3) kreyasyon Sèvis Forè Nasyonal
  - (4) pasaj Lwa Enspeksyon Vyann
- 21 Nan kòmansman ane 1900 yo, refòmator Epòk Pwogresif t ap chèche ogmante patisipasyon sitwayen nan gouvènman an lè yo te sipòte
- (1) ekspansyon sistèm moun pa a
  - (2) eleksyon dirèk senatè yo
  - (3) kreyasyon kolèj elektoral
  - (4) fòmasyon sistèm Rezèv Federal



Sèvi ak foto ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 22 ak 23.

### Premye Pèlte



Sous: W.A. Rogers, *A World Worthwhile*, Harper & Bros.

22 Foto a montre aksyon Prezidan Theodore Roosevelt nan


- (1) jwenn tè pou bati Kanal Panama
- (2) mennen twoup yo nan Lagè Espanyòl-Ameriken
- (3) mete yon pwen final nan lagè ant Lawisi ak Japon
- (4) amelyore relasyon diplomatik avèk nasyon Amerik Latin yo

23 Kritik aksyon ki endike nan foto sa a te endike Prezidan Theodore Roosevelt te

- |                                 |  |
|---------------------------------|--|
| (1) lakòz domaj nan anviwònman  | (3) swiv yon politik enperyalis            |
| (2) egzije gwo ogmantasyon enpo | (4) pwodui gwo defisi komèsyal avèk Lachin |

- 24 Yon gwo rezon ki fè Etazini te antre nan Premyè Gè Mondyal la se te pou
- (1) toujou kenbe libète lanmè yo
  - (2) sispann sèvis militè fòs maren Etazini yo
  - (3) pwoteje vil Etazini kont atak etranje
  - (4) opoze yon envazyon Alman nan Amerik Latin
- 25 Izolasyon ki nan Sena pa t dakò pou Etazini te antre nan Lig Nasyon paske yo te kont
- (1) kreyasyon Konsèy Sekirite a
  - (2) kolonyalis nan Afrik ak Azi
  - (3) Almay vin yon manm Lig la
  - (4) patisipasyon nan lagè etranje a lavni
- 26 Nan mitan ane 1920 yo, lwa imigrasyon Etazini te etabli prensipalman pou
- (1) depòte imigran ilegal
  - (2) kontinye politik tradisyonèl imigrasyon lib
  - (3) etabli kota pou limite imigrasyon nan sèten nasyon
  - (4) favorize imigran sid Ewòp yo ak imigran lès Ewòp yo
- 27 Ki pi gwo pwoblèm kiltivatè Ameriken yo te genyen pandan ane 1920 yo?
- (1) mank tè fètil
  - (2) pwodui twòp danre
  - (3) pri ba pwodui agrikòl enpòte yo
  - (4) mank dekipman pou travay
- 28 Kontribisyon Langston Hughes ak Duke Ellington montre kijan Renesans Harlem enpòtan nan
- (1) kwasans ekonomik
  - (2) refòm edikasyon
  - (3) boza kreyatif
  - (4) lidèchip politik
- 29 Civilian Conservation Corps (CCC) ak Works Progress Administration (WPA) toude se te pwogram Nouvo Kontra a te devlope pou abòde pwoblèm
- (1) espekilasyon egzajere mache bousye
  - (2) anpil chomaj
  - (3) ogmantasyon itilizasyon kredi
  - (4) revni limite granmoun aje yo
- 30 Yon gwo rezon ki fè Prezidan Franklin D. Roosevelt te pwopoze pou ajoute jij nan Kou Siprèm yo nan ane 1937 se te pou
- (1) fè pwosesis Kou a vin pi demokratik
  - (2) mete yon fen nan koripsyon ak paspouki nan ka Lakou Siprèm nan jije
  - (3) enfliyanse desizyon Kou a ki asosye ak pwogram Nouvo Kontra yo
  - (4) asire nominasyon manm gwoup minorite yo
- 31 Ki evènman ki te lakòz lòt twa (3) yo?
- (1) migrasyon 300,000 moun nan California pou jwenn travay
  - (2) devlopman kondisyon Bòl Pousyè sou Gwo Plenn yo
  - (3) pasaj lejislasyon Nouvo Kontra pou konsève sòl
  - (4) piblikasyon woman John Steinbeck, *The Grapes of Wrath*
- 32 Nan ane 1939, Prezidan Franklin D. Roosevelt te reponn nan kòmansman Dezyèm Gè Mondyal nan Ewòp lè li te
- (1) mande Kongrè a pou antre nan lagè a
  - (2) prese pou kontinye apeze nasyon agresif yo
  - (3) eseye negosye yon akò pèzib pou ènemi yo
  - (4) vann ravitayman militè ba nasyon alye yo
- 33 Ki deklarasyon ki pi egzat konsènan ekonomi Etazini pandan Dezyèm Gè Mondyal la?
- (1) Kontwòl ekonomi federal te ogmante.
  - (2) Manifakti otomobil te ogmante.
  - (3) Rannman travayè yo te bese.
  - (4) Pri yo te tonbe rapidman.

Sèvi ak kwonoloji ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 34 ak 35.



Sous: *The American Journey: Time Line Activities*, Glencoe/McGraw-Hill (adapte)

34 Evènman ki endike sou kwonoloji a asosye pi prè avèk

- |                            |                                      |
|----------------------------|--------------------------------------|
| (1) bonbadman Pearl Harbor | (3) yon bezwen pou sekirite kolektif |
| (2) lansman <i>Sputnik</i> | (4) yon laperèz kominis              |

35 Ki libète sivil ki te pi menase seryezman pandan peryòd ki endike sou kwonoloji a?

- |                     |   |
|---------------------|---|
| (1) libète lapawòl  | (3) dwa pou pote zam                    |
| (2) libète relijyon | (4) dwa pou fè petisyon ba gouvènman an |

- 36 • Nan ane 1940 yo, Prezidan Franklin D. Roosevelt te fè laviktwa nan Dezyèm Gè Mondyal la yon priyorite sou pwolongasyon Nouvo Kontra.
- Nan ane 1950 yo, objektif Prezidan Harry Truman te chanje ant Kontra Jis ak Lagè Kore a.
  - Nan ane 1960 yo, atansyon Prezidan Lyndon B. Johnson te fikse sou preokipasyon Lagè Vyetnam nan olye de Gran Sosyete a.

Aksyon prezidansyèl sa yo pi byen sipòte konklizyon ki endike

- (1) prezidan yo pito jwe wòl kòm kòmandan-an-chèf alapas lejislasyon-an-chèf
- (2) deklanchman lagè destabilize pwogram nasyonal
- (3) Prezidan Roosevelt, Truman, ak Johnson pa t angaje nan inisyativ nasyonal
- (4) gwo chanjman nan pwogram nasyonal gen tandans mennen nasyon yo patisipe nan lagè etranje yo

37 Nasyonzini te kreye prensipalman pou

- (1) anpeche globalizasyon
- (2) travay pou lapè entènasyonal
- (3) sispann maladi gaye
- (4) etabli gouvènman demokratik

38 Politik detant Etazini kapab pi byen dekri kòm yon efò pou

- (1) redui tansyon avèk Inyon Sovyetik
- (2) negosye akò pou lapè avèk Kore-di-Nò
- (3) sispann konpetisyon zam avèk Lachin
- (4) mete yon pwèn final nan anbago kont Kiba


Sèvi ak foto ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 39 ak 40.



Sous: Warren K. Leffler, *U.S. News & World Report Magazine Photograph Collection*, Library of Congress

- 39 Ki lidè ki pi asosye depre avèk apwòch pou refòm yo montre nan foto sa a?
- (1) Malcolm X Mizilman Nwa yo
  - (2) Huey Newton Pantè Nwa yo
  - (3) Booker T. Washington Tuskegee Institute
  - (4) Martin Luther King Jr. Chèf An Tèt Konferans Kreyen Sid la
- 40 Aktivite ki endike nan foto a kapab pi byen dekri kòm yon egzanp
- (1) ajitasyon travayè
  - (2) aktivis jidisyè
  - (3) manifestasyon san vyolans
  - (4) aksyon afimatif
- 
- 41 Desizyon Prezidan Richard Nixon pou bay demisyon li nan prezidans lan nan ane 1974 te baze sitou sou
- (1) devlopman sou ankèt Watergate la
  - (2) rebondisman nan politik li yo pou Lachin ak Inyon Sovyetik
  - (3) manifestasyon kont aksyon militè sekrè li yo pandan Lagè Vyetnam nan
  - (4) akizasyon echanj zam pou otaj yo

Sèvi ak karikati ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 42 ak 43.



Sous: Gary Brookins, *The Richmond Times-Dispatch*, 1985

- 42 Ki sijè prensipal desen 1985 sa a?
- (1) kalite pwodui japonè
  - (2) dezekilib nan echanj komèsyal ant Japon ak Etazini
  - (3) sou-tretans djòb ameriken yo nan Japon
  - (4) demenajman konpayi ameriken yo pou ale nan Japon
- 43 Si yo te dwe refè karikati 1985 sa a jodi a, ki peyi ki ta gen plis chans pou ranplase Japon kòm sijè karikati a?
- (1) Lachin
  - (2) Brezil
  - (3) Almay
  - (4) Lawisi
- 
- 44 Ki evènman ofis prezidan Bill Clinton pi byen montre itilizasyon sistèm pouvwa ekilibre?
- (1) òganize negosyasyon pou lapè ant Izrayelyen ak Palestinyen
  - (2) re-eleksyon pou yon dezyèm manda
  - (3) chwa Al Gore kòm vis-prezidan
  - (4) akizasyon pou bay fo temwayaj ak bloke lajistis



Sèvi ak lèt ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 45 lan.


## MEZON BLANCH

WASHINGTON

Yon sòm lajan ak mo poukont yo pa kapab retabli ane ki pèdi oswa efase memwa nan doulè; ni youn ni lòt pa kapab, yo eksprime okonplè detèminasyon nasyon nou pou korije enjistis ak pou sipòte dwa moun. Nou pa janm kapab repare move bagay lepase yo. Men nou kapab pran yon pozisyon klè pou jistis ak rekonèt de enjistis grav ki te fèt kont Japonè-Ameriken yo pandan Dezyèm Gè Mondyal la.

Nan dekrete yon lwa pou mande restitasyon ak pou ofri yon eskiz sensè, sitwayen Ameriken parèy ou yo, nan yon vrè sans reyèl, renouvle angajman tradisyonèl yo nan ideyal libète, egalite, ak jistis. Oumenn ak fanmi ou genyen pi bon souwè nou pou lavni.

Sensèman,



Sous: Letter of President George H. W. Bush, 1990, *A More Perfect Union*, Smithsonian National Museum of American History

45 Ki evènman Prezidan George H. W. Bush ki ap pale nan lèt sa a?

- (1) bonbadman Pearl Harbor pandan Dezyèm Gè Mondyal la
- (2) sèvis militè Japonè-Ameriken yo pandan Dezyèm Gè Mondyal la
- (3) anprizònman Japonè-Ameriken yo pandan Dezyèm Gè Mondyal la
- (4) yon entèdiksyon sou imigrasyon japonè Ozetazini apre Dezyèm Gè Mondyal la

46 Atak teworis 11 septanm 2001 yo te lakòz gouvènman federal la kreye

- (1) Ajans Pwoteksyon Anviwònman
- (2) Depatman Sekirite de la patri
- (3) Ajans Entelijans Santral
- (4) Biwo Federal Envestigasyon

47 Nan ki ka Kou Siprèm Etazini te deside bilding piblik ki gen segregasyon yo te konstitisyonèl?

- (1) *Worcester v. Georgia*
- (2) *Plessy v. Ferguson*
- (3) *Brown v. Board of Education of Topeka*
- (4) *Miranda v. Arizona*

48 Desizyon Kou Siprèm nan *Schenck v. United States* (1919) ak Lwa 2001 Patriyòt Etazini toulède te fè fas avèk pouvwa gouvènman federal la pou

- (1) sispann lòd habeas corpus
- (2) mete restriksyon sou libète relijyon
- (3) refize dwa sivil pou moun ki pa gen sitwayènte
- (4) limite libète sivil yo pou rezon sekirite nasyonal

49 Desizyon Prezidan Jimmy Carter pou kritike politik apated Afrik-di-Sid ak desizyon Prezidan Bill Clinton pou voye twoup nan Bosni toulède se te repons pou

- (1) abi dwa moun
- (2) lagè sivil
- (3) lwa imigrasyon
- (4) vyolasyon akò echanj komèsyal

50 Desizyon Kou Siprèm nan *Roe v. Wade* (1973) ak *Planned Parenthood of Southeastern Pennsylvania, et al. v. Casey* (1992) sanblab kote toulède dosye yo te fè fas avèk dwa yon fanm pou

- (1) vi prive
- (2) asirans medikal
- (3) menm salè pou menm travay
- (4) patisipe nan espò lekòl

## Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.

### PATI II

#### KESYON REDAKSYON TEMATIK

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki endike sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

#### Tèm: Teknoloji

Devlopman teknolojik te genyen toulède konsekans pozitif ak konsekans negatif sou ekonomi Etazini ak sou sosyete Ameriken an.

#### Sa pou fè:

Idantifye **de (2)** devlopman teknolojik diferan epi pou **chak**

- Diskite sou konsekans *pozitif ak/oswa* konsekans negatif devlopman teknolojik sou ekonomi Etazini *oswa* sou sosyete Ameriken

Ou kapab itilize nenpòt devlopman teknolojik nan etid ou fè sou istwa Etazini. Men kèk sijesyon ou ta ka vle konsidere, machin pou netwaye koton, motè-a-vapè, chenn asanblaj, enèji nikleyè, otomobil, televizyon ak òdinatè.

#### Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

#### Gid:

##### Nan redaksyon ou asire ou:

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

#### Nan devlopman repons ou pou Pati II a, sonje pou panse ak definisyon jeneral sa yo:

**diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi avèk reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, sonje pou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pale osijè de li”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi avèk reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

### Pati III

#### KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste abiltè w pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an.

#### Kontèks Istorik:

Mouvman refòm yo te devlope pandan 19yèm syèk la ak kòmansman 20yèm syèk la pou abòde pwoblèm espesifik. Pami mouvman sa yo te genyen *mouvman pou dwa fanm yo, mouvman tanperans*, ak *pou mete yon pwen final nan travay timoun*. Mouvman sa yo te reyisi nan plizyè fason.

**Sa pou fè:** Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak sa w konnen nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B a, kote y ap mande ou pou

Chwazi **de (2)** mouvman refòm ki endike nan kontèks istorik la epi pou **chak mouvman**

- Dekri pwoblèm ki te lakòz devlopman mouvman an
- Diskite sou ki nivo mouvman an te reyisi nan reyalizasyon objektif li yo

## Pati A

### Kesyon ak Repons Kout

*Enstriksyon:* Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

#### Dokiman 1

Lucy Stone ak Henry Blackwell te siyen dokiman sa a anvan yo te marye nan ane 1855. Yo tap pwoteste kont lwa ki lakòz fanm yo te pèdi egzistans legal yo lè yo marye.

Pandan ke nou rekonèt afeksyon nou yonn pou lòt lè nou parèt piblikman ak relasyon an kòm mari ak madanm, pou fè tèt nou jistis avek gran prensip yo nou pansé li se devwa nou pou deklaré lwa sa a bò koté nou; pa vlé di nou kont, ni pwomès obeyisans volonté ak lwa maryaj ki egzisté yo, kòm li refizé rekonèt madanm kòm yon moun endepandan ak rasyonèl, alòske yo akòde sou mari a yon siperyorite danjere [nuizib] epi ki pa nòmral, sa ki ba li pouvwa legal yon gason onorab pa ta vle egzèse, epi pa gason ta dwe posede. Nou pwoteste sitou kont lwa ki bay mari:

1. Responsab legalman pou madanm li.
2. Tout kontwòl ak gadyen ti moun yo.
3. Sèl mèt afè pèsònèl [pwopriyete] madanm li, ak itilizasyon byen imobilye, sof si li te deja mete li sou non li, oswa yo plase li nan men fidisyè, tankou nan ka minè, moun fou, ak idyo.
4. Tout dwa sou sa li fè [travay].
5. Epitou kont lwa ki bay vèf yo yon enterè ki pi gran ak pi pèmanan nan pwopriyete madanm ki mouri a, ke yo bay vèf la enterè nan pwopriyete mari ki mouri a.
6. Finalman, kont sistèm jeneral kote “egzistans legal madanm lan sispann pandan maryaj la,” pou nan pifò Eta yo, li pat gen okenn dwa legal nan chwa kote li rete, ni li pa kapab fè yon testaman, ni li pa kapab pouswiv yon moun lajistis oswa yo pa kapab pouswiv li lajistis nan non li, ni li pa kapab vin eritye pwopriyete a. . . .

Sous: Laura A. Otten, “Lucy Stone and Henry Blackwell: Marriage Protest,” *Women’s Rights and the Law*, Praeger, 1993

1 Selon dokiman sa a, ki **de (2)** dwa yo te refize bay fanm yo nan ane 1855? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score



## Dokiman 2

. . . Bilten fanm p ap fè gwo chanjman nan lemond. Pa egzanp, yo te kapab prevwa rezilta li yo nan Colorado. Premyèman, li te bay fanm yo pi bon salè pou menm travay la; dezyèmman, li te lakòz imedyatman yon kantite lwa fanm yo te vle, epi premye lwa fanm yo te mande yo se te lwa pou pwoteksyon ti moun yo nan Eta a, ki konsidere kòm yon krim lè yon moun kontribiye nan zak delenkan yon timoun; lwa pou amelyore swen timoun ki pa tèm yo; epitou, Tribinal Timoun pou konsèvasyon ti gason ak ti fi rebèl yo; pi bon swen pou moun fou, moun soud, moun ki bèbè [ki pa kapab pale], moun ki avèg; sirèn kouvrefe pou anpeche timoun yo rete nan lari a lannwit; ogmante laj konsantman pou ti fi yo; amelyorasyon sant koreksyon ak prizon Eta a; amelyorasyon sèvis lopital Eta a; pi bon pwovizyon sou lwa sanitè yo, ki afekte sant nan kay ki nan Eta a. Enterè [fanm] yo nan sante piblik se yon zafè ki gen gwo enpòtans. Avan tous, yo te lakòz vin gen lwa pou amelyore sistèm eskolè a. . . .

Sous: Senator Robert L. Owen, Introductory Remarks of Presiding Officer, *Significance of the Woman Suffrage Movement*, Session of the American Academy of Political and Social Science, 9 de febrero de 1910

2 Selon Senatè Robert L. Owen, ki **de (2)** konsekans mouvman dwa fanm yo te genyen nan Colorado? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

### Dokiman 3

. . . Viktwa dwa fanm yo pou vote pa t mete yon pwen final nan enjistis ak diskriminasyon kont fanm yo nan lavi piblik. Fanm yo te toujou pa t genyen menm aksè ak gason yo nan pwofesyon, spesyalman ki bay chèf la chemen pou vin gen pouvwa politik. Pou ale pi lwen, lè fanm yo te kandida pou fonksyon administrasyon epi anpil te fè sa nan epòk ki vini imedyatman apre fanm yo te fin jwenn dwa pou vote, yo te souvan manke sipò gwo pati politik yo, ki te difisil pou jwenn pou nenpòt sa ki te fèk vini men pou fanm yo sa te prèske enposib sof si fanm lan te nan yon fanmi politik ki enpòtan. Menm si fanm yo te reyisi nan jwenn sipò, lè fanm yo te poze kandidati yo pou yon fonksyon administrasyon, le pli souvan fò yo opoze yon moun ki deja nan plas la [moun ki nan fonksyon an]. Lè, kòm se te yon ka souvan, yo te pèdi premye atanta yo, repitasyon yo kòm “pèdan” te fè li enposib pou yo jwenn sipò ankò. . . .

Sous: Elisabeth Perry, “Why Suffrage for American Women Was Not Enough,” *History Today*, September 1993

- 3 Selon Elisabeth Perry, ki **yon** fason patisipasyon fanm yo nan lavi piblik te kontinye vin limite apre yo te fin jwenn dwa pou vote? [1]

---

---

Score

## Dokiman 4a

### LAP OGMANTE KOMÈS LI



Sous: Frank Beard, *The Ram's Horn*, September 12, 1896 (adapte)

## Dokiman 4b

Ekstrè sa a ki sòti nan *Almannak* 1876 Tanperans Nasyonal atake “King Alcohol.”

Li te okazyone [lakòz] plis pase twa-ka malere [povrete grav], twa-ka krim yo, ak plis pase yon-ka maladi foli nan kominote a, epi kidonk te ranpli prizon nou yo, kay charite nou yo [kay pou moun pòv yo] ak azil moun fou yo, epitou li te monte poto a kòd pou pann moun yo [potans pou pann moun] devan zye nou.

Sous: Andrew Sinclair, *Prohibition: The Era of Excess*, Little, Brown

4 Selon karikati 19yèm syèk sa a ak sitasyon sa a, endike **de (2)** konsekans alkòl te genyen sou sosyete ameriken an. [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 5

“ . . . Lè yo te deklare kat senkyèm pifò gason reprezantan ki nan Lamerik pa anfòm pou lagè, kisa nou dwe di sou fòm fizik yo pou elve lòt jenerasyon an? Epòk la se te lè yo te resevwa alkòl kòm yon benefis pou ras la, men nou pa konsidere alkòl ankò kòm yon manje men kòm yon pwazon. Konsèy sante, ki genyen pouvwa lapolis eta a aboli [efase] kòz tifoyid ak izolman viktim yo, men alkòl, yon milye fwa de plis yon destriksyon pou sante piblik, kontinye ap detwi. Dejeneresans [deteriorasyon] alkolik se kesyon sanitè [sante] ki pi enpòtan devan peyi a, epoutan otorite sante yo pa pran mezi, paske alkòl byen rasine [byen tabli] nan politik. Lidè ki nan politik pa menm aji, paske desten politik yo chita nan men ajan trafik alkòl yo. Nou fas-a-fas avèk pi gwo kriz nan istwa peyi nou. Kesyon alkòl la dwe rezoud nan lòt dizan yo oswa kèk lòt ras gason ap ekri anons finere peyi sa a. . . .”

Sous: Dr. T. Alexander MacNicholl, quoted in President's Annual Address to the Women's Christian Temperance Union of Minnesota, 1912

- 5 Selon dokiman 1912 sa a, pou kisa oratè sa a panse itilizasyon alkòl reprezante “pi gwo kriz nan istwa peyi nou”? [1]

---


---

Score



Dokiman 6a

Twò gwo pou yo



Sous: P.W. Cromwell, Bentley Historical Library, University of Michigan (adapte)

Dokiman 6b

. . . Alòske an reyalite pwoyibisyon nasyonal la te redui konsomasyon alkòl toudenkou Ozetazini, lwa a pa t satisfè sa moun yo te espere. Li pa t ni elimine bwè ni bay yon sans ki montre yon objektif te kapab reyalize. Toutotan moun kap achte alkòl la, prezime viktim yon vyolasyon pwoyibisyon, ki te patisipe nan zak ilegal olye li te pote plent pou sa, pwose nòmal pou ranfòse lwa a senpleman pa t mache. Kòm yon rezilta, ajans lapolis yo te pote yon pi gwo fado. Divès imaj vyolasyon lwa a, de machann kontrebann lokal la ak film Hollywood yo jiska dosye nan tribinal ki deja twò chaje, te kreye yon konviksyon jeneral ki endike vyolasyon yo t ap fèt trò souvan ki pa akseptab. Dotanplis, efò pou ranfòse lwa a fè moun kwè gouvènman an, ki pa t anmezi pou konbat avèk moun ki te vyole lwa a lè yo te itilize metòd lapolis tradisyonèl la, li te aplike lòt metòd pou li te ka akonpli sa li gen pou fè. Imaj pwoyibisyon nasyonal ki te parèt nan ane 1920 yo te yon desepsyon pou anpil Ameriken epi li te lakòz kèk Ameriken te fè yon gwo efò pou mete yon pwen final nan lwa ki entèdi lavant alkòl [Lwa Volstead].

Sous: David E. Kyvig, *Repealing National Prohibition*, Kent State University Press, 2000

6 Selon dokiman sa yo, ki **de (2)** pwoblèm ki te lakòz Pwoyibisyon nasyonal? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score

## Dokiman 7

. . . Ti fi ak ti gason, ki pye atè, t ap monte-desann nan mitan ranje egwi ki pa janm fini, pou mete ti men yo tou piti nan machin nan pou repare fil kase yo. Yo te rale sou vant anba machin a pou grese li ak lwil. Yo te ranplase egwi yo pandan tout lajounen, tout lajounen; tout lannwit, tout lannwit. Tibebe sizan ki gen figi moun swasantan te fè yon uitèdtan chif pou dis santim pa jou. Si dòmni te pran yo, yo te vide dlo frèt nan figi yo, epitou vwa patwon an kap relé te pi fò pase bwi machin yo ki tap bougonnen san reté.

Yo te mennen ti moun katran nan faktori yo pou “ede” gran sè oswa gran frè ki gen dizan yo men travay pa yo pa t peye.

Machin yo, ki té bati nan nò, te bati ba pou men timoun yo.

A senkè-edmi nan maten, anpil liy long ak timoun gri te sòti deyò byen bonè pou vini nan faktori a, nan yon bwi enèvan nan sal ki plen ak fil twal. Deyò a zwazo yo t ap chante epi syèl ble a t ap briye. Nan demi-èdtan repa a, dòmni ta ka pran timoun yo sou repa pen-mayi ak grès vyann kochon. Yo ta kouche sou planche la konsa pou dòmni. Dòmni se te lwazi yo, soulajman yo, tankou jwèt yé pou timoun lib la. Patwon an te vini epi li sekwe yo pou reveye yo. Apre peryòd repa a, se lè pou travay, yon kouri monte-desann san rete nan mitan egwi machin k ap bougonnen. Tibebe, timoun piti! . . .

Sous: Mother Jones, *Autobiography of Mother Jones*, Arno Press

7 Selon Mother Jones, ki **yon** sitiyasyon timoun yo te jwenn nan travay yo nan fen ane 1800 yo? [1]

Score

## Dokiman 8

. . . Alòske eta yo te kòmanse adopte lwa ki te efikas, rèv Mother Jones pou yon lwa nasyonal sou travay timoun te rete senpleman yon rèv. Men si timoun yo [apre manifestasyon sou travay yo nan ane 1903] te degaje yo pou wè Prezidan [Theodore] Roosevelt, yo pat kwè okenn Lwa Federal tap pase. Nan ane 1906, yon pwojè-lwa federal sou travay timoun pa t pase nan Kongrè a. Pou repete pawòl Roosevelt, anpil opozan pwojè-lwa a te di yo pa t renmen travay timoun, men yo te kwè se eta yo sèlman ki gen otorite pou pase lwa kont sa. Nan ane 1916, yo te adopte yon pwojè-lwa, men Kou Siprèm te deside lwa a pat an akò avèk konstitisyon. Premye lwa nasyonal ki te gen siksè ki pa t pase jouk nan ane 1938, apeprè 35 ane apre manifestasyon timoun faktori yo. . . .

Sous: Stephen Currie, *We Have Marched Together: The Working Children's Crusade*, Lerner Publications, 1997

- 8 Selon Stephen Currie, ki **yon** rezon ki te mete yon pwèn final nan travay timoun ki te difisil pou reyalize sou plan nasyonal? [1]

---

---

Score

## Dokiman 9

Sa a se yon ekstrè nan yon antrevi nan radyo Elmer F. Andrews te bay. Li te Administratè Lwa Jis ak Onèt sou Travay. L ap diskite sou Lwa Salè ak Orè, ki rele tou Lwa Jis ak Onèt sou Travay.

### Pwoteksyon pou Timoun

**Prezantatè**—Bon, èske ou ka di nou kichòy sou sa mwen konnen nou tout enterese nan pwoteksyon timoun kont travay akablan nan izin endistriyèl ak min yo.

**Mesye. Andrews**—Seksyon travay timoun yo se seksyon ki espesifik. Okenn pwodiktè, okenn fabrikan oswa negosyan pa kapab ekspedye, oswa livre pou transpò komès ant éta yo okenn machandiz ki soti oubyen ki fabrike nan yon etablisman ki anplwaye ti moun nan travo fòse nan trant (30) jou transpò machandiz yo. Trant (30) jou yo ap konte apre jodi a, kidonk sa vle di patwon timoun yo anvan jodi a lwa a pap afekte yo.

**Prezantatè**—Epi travay timoun akablan se-ki sa?

**Mesye. Andrews**—Travay timoun akablan defini, toudabò, kòm travay timoun ki poko gen laj 16 zan nan nenpòt aktivite, eksepte timoun 14 zan oswa 15 zan kapab travay, lè Biwo Timoun detèmine sa p ap enpoze timoun yo al lekòl, pou sante oswa byennèt yo, men travay sa a anba lwa a pa dwe ni travay nan manifakti oswa travay nan eksplwatasyon min.

Dotanplis, travay akablan timoun vle di travay timoun 16 zan oswa 17 tan nan nenpòt okipasyon Biwo Timoun sitou konsidere kòm danjere oswa ki pa bon pou sante oswa byennèt timoun yo.

Asireman, genyen eksepsyon pou timoun-aktè ak lòt timoun, men anjeneral, eksepsyon sa yo se pwovizyon travay timoun Lwa Jis ak Onèt sou Travay, ki se lwa peyi a kounye a.

Sous: "Andrews Explains Wage-Hour Law," *New York Times*, October 25, 1938 (adapte)

9 Selon Elmer F. Andrews, ki **de (2)** fason Lwa Jis ak Onèt sou Travay te pwoteje timoun yo? [2]

(1) \_\_\_\_\_

Score

(2) \_\_\_\_\_

Score



## Pati B

### Redaksyon

*Enstriksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf ak yon konklizyon. Itilize prèw ki sòti nan *omwen kat* dokiman nan devlopman redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanzp ak detay. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

#### Kontèks Istorik:

Mouvman refòm yo te devlope pandan 19yèm syèk la ak kòmansman 20yèm syèk la pou abòde pwoblèm espesifik. Pami mouvman sa yo te genyen *mouvman pou dwa fanm yo, mouvman tanperans, ak mouvman pou mete yon pwen final nan travay timoun*. Mouvman sa yo te reyisi nan plizyè fason.

**Sa pou fè:** Itilize enfòmasyon ki soti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote y ap mande w pou

Chwazi **de (2)** mouvman refòm ki endike nan kontèks istorik la epi pou **chak**

- Dekri pwoblèm ki te lakòz devlopman mouvman an
- Diskite sou ki nivo mouvman an te reyisi nan reyalizasyon objektif li yo

#### Gid:

##### Nan redaksyon ou asire ou:

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete ladan l enfòmasyon ki sòti nan *omwen kat* dokiman
- Mete ladan l lòt enfòmasyon
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanzp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan



The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK GOUVÈNMAN ETAZINI

Vandredi 18 jen, 2010 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

FÈY REPOS

Gason

Elèv ..... Sèks:  Fi

Pwofesè .....

Lekòl .....

Ekri repons ou yo pou Pati I an nan fèy repons sa a, ekri repons ou yo pou Pati III Seksyon A nan tiliv egzamen an, epi ekri repons ou yo pou Pati II ak III Seksyon B nan tiliv redaksyon separe a

POU PWOFESE ITILIZE SÈLMAN

Part I Score \_\_\_\_\_

Part III A Score \_\_\_\_\_

Total Part I and III A Score

Part II Essay Score \_\_\_\_\_

Part III B Essay Score \_\_\_\_\_

Total Essay Score

Final Score (obtained from conversion chart)

Pati I

- 1..... 26.....
2..... 27.....
3..... 28.....
4..... 29.....
5..... 30.....
6..... 31.....
7..... 32.....
8..... 33.....
9..... 34.....
10..... 35.....
11..... 36.....
12..... 37.....
13..... 38.....
14..... 39.....
15..... 40.....
16..... 41.....
17..... 42.....
18..... 43.....
19..... 44.....
20..... 45.....
21..... 46.....
22..... 47.....
23..... 48.....
24..... 49.....
25..... 50.....

No. Right

Ou dwe siyen deklarasyon ki anba a lè w fin pran egzamen an.

Mwen fin pran egzamen an. Mwen deklare mwen pa t genyen repons yo ak kesyon yo ilegalman alavans. Mwen pa t bay poul, mwen pa t pran poul pandan egzamen an.

Detache la a

Detache la a

